

## Rezime plan amelyorasyon lekòl la pou lane 2018-2019

**Misyon ak vizyon lekòl la:** Deklarasyon misyon: Alexander Henderson University School / FAU High School gen yon misyon ki divize an twa nivo: (1) pou se yon espas eksperimantal pou fòmasyon pwofesè yo; (2) pèmèt prepare pwogram etid jeneral yo; epi (3) pou kapab fè rechèch (F.S. 228,053). Deklarasyon vizyon: Alexander D. Henderson University School/FAU High School (ADHUS/FAUHS) se yon bon modèl lekòl nasyonal pou sistèm lekòl yo ak pwogram preparasyon pwofesè yo amelyore edikasyon pou plizyè kalite elèv pa mwayen rechèch inovatif, ke pwofesè yo prepare epi kourikoulòm nan.

**Domèn enterè 1:** Nòt jeneral pou syans yo se ap 92% konpetans la oswa plis.

**Rezon:** Lekòl pral kontinye fè ansèyman syans yo rete yon fokal pou ka kenbe tandans k ap ogmante a jan done nan de (2) lane ki sot pase yo montre sa.

### Rezilta nou espere genyen

- Kwasans kontinyèl nan reyisit pou syans yo. Pwofesè yo pral kontinye devlope inite ansèyman ki rijid, swiv done evalyasyon yo epi aliyen kontni K-12 yo.

### Etap pou aksyon yo:

- Bay pèsonèl la fòmasyon ak materyèl ki fokal sou estrateji ansèyman yo pou ogmante rezilta elèv la.
- Bay pèsonèl la tan chak semèn, de fwa pa mwa chak mèkredi yo ak pandan jounen PD yo pou rankontre ak PLC yo. PLC yo abitye prepare kourikoulòm, aprann nouvo konpetans, itilize done yo pou evalye efikasite aplikasyon yo epi diskite sou amelyorasyon kontinyèl yo.
- Bay pèsonèl la kouvèti pou planifye ak ekip yo oswa obsève kolèg yo nan itilize estrateji ki bay anpil ranman yo.

**Domèn enterè 2:** Akizisyon jeneral aprantisaj nan ELA se ap 84% oswa plis.

**Rezon:** Pou ka kenbe objektif akademik rijid yo pou elèv yo ak pèsonèl la, lekòl la pral konsantre sou ogmante akizisyon aprantisaj yo pou tout elèv nan domèn ELA a. Sa se yon fokal elemantè ki aliyen espesyalman ak aplikasyon atelye pou lektè a.

### Rezilta nou espere genyen

- Tout elèv yo pral fè pwogrè nan domèn ELA pandan ane lekòl 2018-2019 la.

### Etap pou aksyon yo:

- Bay pèsonèl la fòmasyon ak materyèl ki fokal sou estrateji ansèyman yo pou ogmante rezilta elèv la.
- Bay pèsonèl la tan chak semèn, de fwa pa mwa chak mèkredi yo ak pandan jounen PD yo pou rankontre ak PLC yo. PLC yo abitye prepare kourikoulòm, aprann nouvo konpetans, itilize done yo pou evalye efikasite aplikasyon yo epi diskite sou amelyorasyon kontinyèl yo.
- Bay pèsonèl la kouvèti pou planifye ak ekip yo oswa obsève kolèg yo nan itilize estrateji ki bay anpil ranman yo.

**Domèn enterè 3:** Akizisyon jeneral nan matematik se ap 77% oswa plis.

**Rezon:** Pou ka kenbe objektif akademik rijid yo pou elèv yo ak pèsonèl la, lekòl la pral konsantre sou ogmante akizisyon aprantisaj yo pou tout elèv nan domèn matematik. Sa se yon fokal nan tout nivo lekòl la akoz matematik prezante li kòm yon domèn ki gen bezwen dapre analiz evalyasyon nou fè.

### Rezilta nou espere genyen

Tout elèv yo pral fè pwogrè nan domèn matematik pandan ane lekòl 2018-2019 la.

### Etap pou aksyon yo:

- Bay pèsonèl la fòmasyon ak materyèl ki fokal sou estrateji ansèyman yo pou ogmante rezilta elèv la.
- Bay pèsonèl la tan chak semèn, de fwa pa mwa chak mèkredi yo ak pandan jounen PD yo pou rankontre ak PLC yo. PLC yo abitye prepare kourikoulòm, aprann nouvo konpetans, itilize done yo pou evalye efikasite aplikasyon yo epi diskite sou amelyorasyon kontinyèl yo.
- Bay pèsonèl la kouvèti pou planifye ak ekip yo oswa obsève kolèg yo nan itilize estrateji ki bay anpil ranman yo.